



**MEKARKEUN BAHAN AJAR BASA SUNDA  
DINA KAPARIGELAN BASA**

**ku**

**Usep Kuswari**

**UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

**2009**

# MODEL PANGAJARAN BASA SUNDA NU AWOR (*INTEGRETED*)

- ❑ Ngawinkeun antara hiji pamarekan, metode, atawa teknik jeung pamarekan, metode atawa teknik pembelajaran sejenna
- ❑ Ngadumaniskeun rupaning kompetensi dasar anu aya dina kurikulum
- ❑ Ngawinkeun antara kompetensi gramatikal jeung konsep sastra jeung opat kaprigelan basa

# Kompetensi Dasar nu Diaworkeun

- ❑ **maca – sawala – nulis**
- ❑ **maca(keun) – ngaregepkeun- sawala**
- ❑ **maca(keun) – ngaregepkeun – nulis**
- ❑ **ngaregepkeun – sawala – nulis**
- ❑ **ngaregepkeun – nulis – sawala**
- ❑ **nyarita – ngaregepkeun – nulis**

# Bahan Pembelajaran Basa Sunda

- Bahan ajar mangrupa salah sahiji komponen pembelajaran anu kawilang penting dina nangtukeun komponen-komponen pembelajaran lianna, seperti tujuan, metode jeung teknik, sarta evaluasi.
- Pikeun ngahontal hasil kompetensi *berbahasa Sunda*, bahan pembelajaran basa Sunda kudu disusun dumasar kana (a) prinsip-prinsip nu tangtu, (b) ka mana tujuanana, sarta (c) kumaha ambahanana.

# Prinsip-prinsip Dasar Mekarkeun Bahan

- **Prinsip spiral:**

- ti nu babari ka nu hese,
- ti nu basajan ka nu ruwet,
- ti nu heureut ka nu lega,
- ti nu deukeut ka nu jauh,
- ti nu konkret ka nu abstrak,
- ti nu dipikanyaho ka nu teu dipikanyaho,
- tina basa wewengkon kana basa lulugu,

# Prinsip tematis

- ❑ Bahan ajar disusun dumasar kana tema anu tangtu
- ❑ Aspek bahan ajar dipidangkeun sacara gembleng
- ❑ Rupaning aspek bahan ajar dipidangkeun dina hiji kagiatan makena basa
- ❑ Bahan ajar sipatna fleksibel
- ❑ Bahan ajar dimekarkeun luyu jeung kabutuh jeung minat siswa
- ❑ Bahan ajar ngutamakeun kompetensi dasar nu rek dihontal tina eta tema
- ❑ Tema jeung bahan ajar diluyukeun jeung alokasi waktu nu aya.

# AMBAHAN TATA SORA


- Sora basa, foném, jeung aksara
- Alat ucap
- Warna foném (vokal jeung konsonan) katut cara ngawangunna
- Runtuyan sora, engang, jeung kecap
- Ciri-ciri supraségmental
- Rinéka sora.

# AMBAHAN TATA KECAAP

- Morfem
- Wangun kecap:
  - Kecap salancar
  - Kecap rangkepan
- Warna Kecap



# PROSES MORFOLOGIS



# Pemetaan Bahan Ajar Basa

Konsep Basa	Lisan		Tinulis	
	Ngare- gepkeun	Nyarita	Maca	Nulis
Fonetik	v	v	-	-
Fonemik			v	v
Morfologi: Morfolonolgi Morfosintasis	v	v	v	v
Sintaksis	v	v	v	v
Wacana	v	v	v	v
Kandaga Kecap	v	v	v	v

# Bahan ajar ngaregepkeun

- Bandung-kuping
- Ngaregepkeun warta radio atawa TV
- Ngaregepkeun dikte
- Ngaregepkeun maca teks non-fiksi
- Ngaregepkeun maca wangun lancaram
- Ngaregepkeun maca surat
- Lalajo pintonan drama

# Pembelajaran Ngaregepkeun

Kompetensi Dasar: Ngaregepkeun apresiasi guguritan (pupuh)

Materi Pokok: Pembacaan Puisi

Indikator:

1. Bisa nangkep kecap-kecap anu nimbulkeun kasugemaan (estetis)
2. Bisa nangkep padalisan-padalisan (kalimah) nu nimbulkeun kasugemaan estetis.

Contona: *kaniaya.., teu aya rasrasan  
nyiksa henteu jeung aturan  
tulang asa bejad  
ngan bakating kumawula  
tuna pangawasa  
ulah dipikir salancar  
suka pisan upami abdi dipeuncit  
pasrah moal baha  
etang (-etang) pamulang terima*

# Bahan ajar maca

- Maca intensif
- Maca jero hate (*maca lanjut*)
- Maca gancang, maca kritis
- Maca endah, jeung maca basa.

# MODEL PANGAJARAN Directed Reading Activity (DRA)

- ❑ Ngararancang atawa persiapan:
  - Mekarkeun kasang tukang (*prior knowledge*) murid jeung jejer bacaan
  - Ngahudang minat maca murid
  - Ngawanohkeun kekecapan nu hese
- ❑ Maca Jero Hate (Ngilo)
  - Murid nyusun jeung nepikeun rupa-rupa pertanyaan bacaan
  - **Neangan isarat-isarat (*clues*) nu hese**
  - **Maluruh kekecapan nu mindeng digunakan dina eta bacaan**
  - **Neangan kecap atawa istilah anyar jeung hartina**
  - **Maluruh pola-pola ejaman jeung wangun kecap**
  - **Neangan kecap nu saharti (sinonim) jeung sabalikna (antonim)**
  - **Nganalisis adegan kalimah pikeun ngagampangkeun pamahaman kana eusi bacaan**

# Bahan ajar nulis jeung ngarang

- nyalin atawa nuliskeun deui,
- nyadur jeung narjamahkeun,
- ningkes jeung ngalaporkeun
- nyusun daftar pananya, wawancara, atawa angket,
- nyusun surat,
- nyusun pedaran atawa artikel,
- nulis pangalaman pribadi
- nulis naskah pidato
- nulis ngararancang kagiatan
- nulis memo
- ngarang sastra prosa, puisi, jeung drama.

# Bahan ajar nyarita

- nanya, ngulem, nampa, nyuguhan
- muji, ngawilujengkeun, ngalem, ngarayu, jeung ngagoda
- nyela, motong caritaan
- neneda, menta, miharep
- mungkir, ngabohong, nitenan kasalahan
- negor, nyawad, ngutruk, ngajejeleh
- ngahina, ngeritik, ngancam
- ngangluh, ngadoni
- nuduh, mondah (*menyangkal*), sulaya
- nyaluyuan, nolak, ngabantah, ngadebat
- ngayakinkeun, meredih, mangaruhan, ngeceskeun, mapatahan, nyebutkeun
- ngalaporkeun, ngajen, nganiley, ngomentaran



# Bahan ajar nyarita

- marentah, mesen, menta, nungtut
- tumanya, mariksa, nalungtik
- mikarunya, ngiring sungkawa
- neda sihapunten jeung ngahapunten.
- *nyaritakeun deui*
- *ngadongeng, cacarita*
- *biantara*
- *gunem-catur*
- *wawancara*
- *tanya jawab*
- *barempug*

## Bahan Ajar Nyarita

nanya, ngulem, nampa, nyuguhan

muji, ngawilujengkeun, ngalem, ngarayu, jeung ngagoda

neneda, menta, miharep

mungkir, ngabohong, nitenan kasalahan

negor, nyawad, ngutruk, ngajejeleh

ngangluh, ngadoni

nyaluyuan, nolak, ngabantah, ngadebat

ngayakinkeun, meredih, mangaruhan, ngeceskeun, mapatahan, nyebutkeun

ngalaporkeun, ngajen, nganiley, ngomentaran

ngalaporkeun, ngajen, nganiley, ngomentaran

tumanya, mariksa, nalungtik

neda sihapunten jeung ngahapunten

## Bahan Ajar Basa

Lafal, lentong, randegan, kalimah, kecap.

Bahan Ajar Nyarita

*nyaritakeun deui*

*ngadongeng, cacarita*

*biantara*

*gunem-catur*

*wawancara*

*tanya jawab*

*barempug*

Bahan Ajar Basa

Lafal, lentong,  
randegan, wacana,  
paragraf, kalimah,  
kecap.

# REACT



- **Relating**, diajar dipatalikeun jeung konteks pangalaman kahirupan nu nyata
- **Experiencing**, diajar nu diutamakeun ku cara neuleuman (*eksplorasi*), nimukeun (*discovery*), nyiptakeun (*invention*)
- **Applying**, diajar bisa dipresentasikeun dina konteks mangfaatna.
- **Cooperating**, diajar ngaliwatan konteks komunikasi interpersonal
- **Transferring**, diajar ngaliwatan ngamangpaatkeun pangaweruh dina situasi atawa konteks nu anyar.

# SKENARIO PEMBELAJARAN

## A. PRA PEMBELAJARAN

1. Mariksa ruang, alat, dan media
2. Mariksa kasayagaan siswa

## B. MUKA PEMBELAJARAN

1. Ngalaksanakeun kagiatan apersepsi: jentrekeun
2. Nepikeun tujuan atawa KD

## C. KAGIATAN INTI

1. Materi
2. Pendekatan strategi
3. Media jeung sumber
4. Evaluasi

## D. PANUTUP: Refleksi jeung Lajuning laku

# Bahan ajar tata wacana nu dikawinkeun jeung kaparigelan basa

- Wacana

H. Hasan Abdulkadir, urang NTB, kasohor bisa ngubaran kasakit maag. Praktékna téh ti mimiti taun 1984 kénéh. Nu matak anéh, pasén teu dicarék dahar nu haseum-haseum. Dahar naon ogé euweuh nu dipantrang. Ti mana *manéhna* meunang pangabisana?

# Bahan Ajar Kandaga Kecap Diaworkeun jeung Kaparigelan Maca (Model VSS)

## Karakteristik VSS

- (1) Meuseur kanakecap-kecap atawa istilah nu penting pikeun murid, nya eta kekecapan nu hayang jeung perlu dipikanyaho.
- (2) Ngarojong murid sangkan jadi *pembelajar kata mandiri*.
- (3) Murid miboga kesempatan pikeun milih kecap-kecap nu luyu jeung penting pikeun nyusun daftar kosakecap nu disadiakeun ku guru.

# LENGKAH-LENGKAHNA

1. Sanggeus maca teks, murid disuhunkeun gawe bareng per kelompok pikeun Ngaidentifikasi kecap atawa istilah nu dipaluruh dina eta teks.
2. Murid kudu tatan-tatan pikeun ngajentrekeun di mana maranehan nimukeun eta kecap jeung maca kalimatna sing bedas, neguh hartina, jeung mere alesan naon sababna eta kecap penting kudu diasupkeun kana kamus alit atawa daftar kosakecap.
3. Guru kudu narima pilihan kecap jeung ngaping sawala ngeuna harti jeung alesan eta kecap diasupkeun kana daftar kosakecap. Murid nyawalakeun jeung gawe bareng pikeun nimukeun harti kecap atawa istilah nu sabenerna.



4. Guru milih kecap atawa istilah nu perlu ditambahkeun kana daftar kosakecap sarta kudu ngajelaskeun.
5. Lamun kecap atawa istilahna loba teuing, daftar kosakecapna kudu diheureutan kalayan disaluyuan ku murid.
6. Murid nulis daftar kecap atawa istilah kana jurnal kosakecap.
7. Guru perlu ngararancang jeung mekarukeun kagitan sejenna pikeun leuwih nganjentrekeun kecap atawa istilah.
8. Murid perlu dibere waktu nu leuwih loba dina ngarengsekeun kagiatan pembelajaran tambahan tea.
9. Milih kosakecap the kudu ngaliwatan proses penilaian nu cocog.

# MEKARKEUN BAHAN AJAR BASA KANA MACA (MODEL DRA)

- ❑ Ngararancang atawa persiapan:
  - Mekarkeun kasang tukang (*prior knowledge*) murid jeung jejer bacaan
  - Ngahudang minat maca murid
  - Ngawanohkeun kekecapan nu hese
- ❑ Maca Jero Hate (Ngilo)
  - Murid nyusun jeung nepikeun rupa-rupa pertanyaan bacaan
  - Neangan isarat-isarat (*clues*) nu hese
  - Maluruh kekecapan nu mindeng digunakan dina eta bacaan
  - Neangan kecap atawa istilah anyar jeung hartina
  - Maluruh pola-pola ejaman jeung wangun kecap
  - Neangan kecap nu saharti (sinonim) jeung sabalikna (antonim)
  - Nganalisis adegan kalimah pikeun ngagampangkeun pamahaman kana eusi bacaan

❑ Neuleuman jeung Meunteun Pamahaman Ngaliwatan Sawala

❑ Maca Bedas (Oral Reading)

- o Ngaronjatkeun pangaweruh murid ngeunaan sora, lambang, jeung kecap (word recognition)
- o Ngalafalkeun randengan jeung lentong
- o Ngararancang kagiatan maca satuluyna

❑ Kagiatan Lanjutan

# PANGAJARAN BASA AWOR JEUNG APRESIASI SASTRA

- **Kompeténsi Dasar**

*Maca jeung nembangkeun carita dina wangun pupuh*

- Siswa dina boga kamampuh pikeun maca carita dina wangun pupuh, nyaéta ngalisankeun carita anu ditulis dina puisi teu bebas, bari maham kana eusi carita anu dibaca.
- Lian ti éta, siswa sina boga kamampuh pikeun nembangkeun éta carita ku lagu pupuh.

# Matéri Lulugu

- Téks carita dina wangun pupuh pikeun dibaca jeung ditembangkeun.
- Matéri pikeun dibaca jeung ditembangkeun nyaéta guguritan anu dieusi ku carita.
- Éta guguritan téh kudu luyu pikeun siswa, boh basana boh eusi caritana.
- Carita panjang dina wangun pupuh disebut wawacan, upama *Wawacan Panji Wulung*, *Wawacan Rengganis*, *Wawacan Purnama Alam*.
- Pikeun siswa SMP/MTs, ieu wawacan-wawacan téh hésé teuing, da ditulisna lain keur bacaan barudak, komo deui da wawacan nu kasebut bieu mah ditulisna ogé geus heubeul pisan, aya ratus taunna. Jadi, kudu milih anu luyu jeung kamampuh para siswa jaman ayeuna. Ieu di handap carita winangun pupuh anu bisa dipaké pikeun bacaeun para siswa.

# LAMPAHNA NABI IBRAHIM (Pupuh Maskumambang)

Asal-susul ngabalang jumrah kawarti  
Riwayat baheula  
Lampahna Nabi Ibrahim  
Katut Ismail putrana

Duh anaking tadi peuting Ama ngimpi  
Tega meuncit Ujang  
Geura pék ku hidep pikir  
Kumaha nya papahaman

Bet Ismail ngawaler ihlas tur yakin  
Nya sumangga Ama  
Jalankeun timbalan Gusti  
Insya Allah abdi sabar

# LAMPAHNA NABI IBRAHIM (Pupuh Maskumambang)

Ismail téh dicandak ka tempat suni  
Nyaéta di Mina  
Di dinya baris dipeuncit  
Ku ramana anu tresna

Lebah dinya sétan ngagoda ka Nabi  
Sangkan waswas manah  
Dipalar baha ka Gusti  
Sina mikamelang putra

Teu kagoda Nabi Ibrahim nu tigin  
Setan sina nyingkah  
Diténggoran ku karikil  
Sababaraha rintakan

# LAMPAHNA NABI IBRAHIM

(Pupuh Maskumambang)

Jadi conto keur umat anu pandeuri

Ulah gedag iman

Nya dina ibadah haji

Nenggor jumrah kawajiban

(Sumber: Yus Rusyana, *Guguritan  
Mungгах Haji*, CV. Geger Sunten  
Bandung, 1995)



# Indikator (Cicirén) Kahontalna Hasil Diajar

- Cirina siswa geus ngahontal hasil diajar dina ngapréasiasi carita dina wangun pupuh nyaéta siswa bisaun,
  1. nyaritakeun ku kekecapanana sorangan dina wangun lancar (prosa) naon-naon anu geus dibaca ku manéhna.
  2. nyebutkeun palaku jeung laku lampahna, kajadian-kajadianana, latar (tempat), jeung suasanana.
  3. nembangkeun sapada guguritan ku lagu pupuh anu basajan. Tegesna, para siswa geus parigel maca jeung nembangkeun carita dina lagu pupuh, nyaéta pupuh maskumambang, bari maham kana eusina carita.
- Kegiatan maca jeung nembangkeun téh dibarengan ku resep.
- Dipiharep saterusna, para siswa bisa meunang kanimatan tina maca jeung nembangkeun carita dina wangun pupuh.

# Kegiatan Diajar jeung Pedaran Matéri

1. Guru nerangkeun yén kegiatan ayeuna nyaéta maca jeung nembangkeun carita. Siswa sina maca téks “Lalampahan Nabi Ibrahim” digerendengkeun.
2. Siswa maca bedas, bagilir sapada séwang. Lamun hiji siswa keur maca, nu séjénna ngabandungan. Bari ngabandungan, siswa sina nyirian ku patlot bagian anu jadi perhatianana. **Kitu deui lamun aya kecap anu teu kaharti ku manéhna. Guru ogé geus bisa ngira-ngira, frase, jeung kalimah mana anu sakira matak hésé ka para siswa, upamana**

*ngabalang* = nénggor

*Jumrah* = tempat anu diténggor waktu ngajalankeun ibadah haji, dicirian ku tugu, ayana di Mina

*kawarti* = kabéjakeun, kacaritakeun

*katut* = jeung

*tega* = luas, teu karunya

*hidep* = manéh (kecap lemes)

*papahaman* = pamanggih

*timbangan Gusti* = paréntah Gusti Allah

*suni* = simpé, tiiseun

*tresna* = nyaah, asih

*waswas manah* = bimbang haté

*dipalar* = dipamrih, supaya

*baha* = teu nurut kana paréntah

*mikamelang putra* = salempang sieun nu jadi anak nyerieun

*tigin* = kukuh pengkuh

*karikil* = batu laleutik

*sababaraha rintakan* = sababaraha kali

*gedag iman* = imanna robah, kapercayaanana robah

3. Siswa ngasongkeun pamanggih perkara pangalaman macana, naon bae anu jadi paniten masing-masing. Bisa dina riungan siswa, opat atawa lima urang. Kelas dijieun sababaraha riungan. Hasil tina riungan diasongkeun dina dikskusi kelas. Kabeh pamanggih dihargaan atau diajenan.
4. Siswa sina ngomong paguneman nu saurang merankeun Nai Ibrahim , nu saurang Nabi Ismail. Sakabeh siswa sina papasangan jeung jeung baturna, tuluy paguneman. Bakal kadenge di kelas the recok ku nu paguneman.
5. Guru nembangkeun eta guguritan dina lagu Maskumambang, tepi ka tamat. Para siswa ngaregepkeun.
6. Guru nembangkeun sapadalisan, barang anggeus breng diturutan ku siswa. Kitu bae saterusna.
7. Guru jeung siswa bareng nembangkeun eta guguritan.
8. Para siswa sina nembangkeun masing-masing.

# Evaluasi

- ❑ Evaluasi dilaksanakeun dina sapanang kegiatan diajar, nya eta dina:
  - Maca bedas, dititinan bentesna ngucapkeun jeung wirahma
  - Maham eusi carita, dititinan naon nu geus kapaham jeung nain nu tacan kapaham.
  - Paguneman, naha geus lancar atawa acan, naha merenah omongan nu diucapkeun ku nu jadi bapa jeung nu jadi anak.
  - Nembangkeun guguritan, dititinan naha siswa the geus bisaeun atawa acan.